

Konte Etidyan Inivèsite

Kit ou abite sou kanpis ou pa, oswa lakay ou ak fanmi w, li nesèsè pou yo konte w nan Resansman 2020 an. Se pou konte tèt ou kote ou ap viv ak dòmi plis tan, menm si pwovizwaman ou rete yon lòt kote.

Etablisman Lojman Etidyan

Si ou abite nan lojman pou etidyan (swa sou kanpis ou pa), anplwaye Biwo Resansman Etazini a ap kolabore ak yon reprezantan ki nan bilding kote w ye a pou asire ke yo konte w nan Resansman 2020 an.

Lojman pou etidyan fakilte, inivèsite, ak seminè gen ladan yo dètwa pou rezidans, apatman kote etidyan tape kontra lwaye "pa kabann" (ki vle di kontra lwaye sou kont yon sèl moun), ak lojman konfreri ki sèlman pou gason oswa fi ke fakilte a oswa inivèsite a rekonèt.

Kontak ki nan etablisman lojman pou etidyan kote w ye a kapab distribye kesyonè resansman nan chanm ou pou w ka ranpli li, oswa lekòl la ap bay Biwo Resansman an enfòmasyon ki nan repètwa l sou oumenm.

Menm si nan moman an ou pa nan lojman etidyan paske lekòl ou fèmen pwovizwaman akòz viris COVID-19 la, y ap konte ou.

Rezidans Prive

Si ou abite nan yon rezidans andeyò kanpis ki pa fèt espesyalman pou etidyan inivèsite (tankou yon kay prive oubyen apatman), ou dwe reponn a Resansman 2020 an sou entènèt, pa telefòn, oswa pa lapòs. Biwo Resansman an ap voye envitasyon pa lapòs bay moun nan kay ou pou yo reponn a resansman an kòmanse nan mwatye mwa Mas 2020.

Ou dwe konte tèt ou nan adrès ou a ki andeyò kanpis la menm si ou al rete yon lòt kote pandan konje lekòl yo oubyen ou loje pwovizwaman yon lòt kote, pami yo ou gen kay paran w, si lekòl ou fèmen akòz viris COVID-19 la.

Rezilta estatistik ki sot nan Resansman 2020 an ap enfluyanse finansman pou pwogram ki esansyèl pou etidyan inivèsite, pami yo:

- Sekirite Lekòl.
- Sèvis sante mantal.
- Pwogram byennèt etidyan.
- Pwogram federal bous detid (Pell Grant).
- Bous pou edikasyon granmoun.
- Edikasyon sou agrikilti, lasyans, ak enjenyè.
- Medicaid.

Kominote nan fakilte w la ka itilize rezilta estatistik resansman an pou:

- Ankadre inisyativ pou kominote a.
- Demontre bezwen ki genyen pou ede òganizasyon charitab yo ak gwoup ki plede kòz yo.
- Deside si pou yo elaji enfrastrikti fakilte a.

Note Byen: Fanmi ou ki ba w rete lakay yo pandan konje lekòl oswa pandan fèmti pwovizwa lekòl la yo pa dwe konte ou nan kesyonè resansman pa yo a.

Konekte avèk nou:

@uscensusbureau

Pou plis enfòmasyon:

2020CENSUS.GOV

**Shape
your future
START HERE >**

United States®
**Census
2020**

Yon moun pami sa yo ki abite nan menm apatman oswa kay avè w dwe ranpli kesyonè resansman an nan non moun nan kay la epi mete enfòmasyon sou tout moun ki ap viv ladan. Si ou pa sèten ke kolokatè w la gentan reponn pou ou deja, tanpri reponn kanmenm epi mete tout moun ki nòmalman abite avè w nan lekòl la. Nou gen zouti pou nou korije repons doub yo pou ou. Nou ta pito efase repons doub yo olye pou n ta konplètman rate non w oswa kolokatè w yo.

Si ou abite andeyò kanpis ak fanmi ou pandan tout ane lekòl la, fanmi ou dwe konte w nan kesyonè resansman pa yo a.

Etidyan Entènasyonal

Etidyan entènasyonal ki ap viv nan Etazini dwe suiv konsèy ki apwopriye a sitiyasyon lojman pa yo a. Etidyan inivèsite ki ap viv andeyò peyi Etazini pandan yo nan fakilte nan jou 1e Avril 2020 an, pa konte nan resansman an.

Konekte avèk nou:

@uscensusbureau

Pou plis enfòmasyon:

2020CENSUS.GOV

**Shape
your future
START HERE >**

United States®
**Census
2020**